Wahyaning mangsakala apan wus dungkap titi laksitaning adicara. Rehning kados-kados putra temanten putri anggenipun hanglulur sarira, hangelus wadana miwah hangadi busana sampun paripurna. Sumangga kita tumapak ing adicara minangka purwakaning pahargyan, nun inggih sowanipun temanten putri, mijil saking tepas wangi, manjing ing madyaning sasana rinengga. Wondene ingkang hanganthi sowanipun sri atmaja temanten putri nun inggih panjenenganipun Ibu saha Ibu

Hambok bilih sampun samekta ing gati murih rahayuning sedya kasumanggakaken dhumateng para-para ingkang piniji. Miyosipun putra temanten putri kabiwadha/binarung ungeling Ladrang Temanten Putri, laras pelog pathet nem. Sumangga, nuwun.



**Gambar 1: KP. Dr. Sugeng Nugroho, S.Kar., M.Sn,
Sebagai pembawa acara ketika membacakan susunan acara
dalam resepsi upacara perkawinan
(Foto: koleksi penulis)**

Gending Ladrang Temanten Putri, laras pelog pathet nem disajikan, untuk mengiringi keluarnya mempelai wanita dari tempat rias busana (sasana busana) yang diapit oleh kedua ibu pengapit mempelai wanita berjalan pelan-pelan menuju tempat upacara lalu duduk di pelaminan. Gending dengan volume suara tidak keras (lirih), kemudian pembawa acara menyampaikan narasi (janturan) sebagai berikut.

Binarung swaraning pradangga hangrangin hambabar Ladrang Temanten Putri, laras pelog pathet nem, ana ganda arum hangambar katiyubing sami-rana manda, lah punika ta jejuwitaning pahargyan ing siang/dalu punika, putra putrinipun Bapa/lbu(ingkang hamangku gati) ingkang sesilih Rara mijil saking sasana tepas wangi ngagem busana penganten putri, manjing jroning sasana rinengga badhe kabiwadha.

Dhasar sulistyeng warni, tur nedheng-nedhenge besus ngadisarira tuwin ngadibusana, kathik kabiwadha kedah mangagem busana satataning putrining kraton, pramila boten mokal kalamun kathah ingkang sami tambah. Lampah ruruh hangujiwat, semu daya-daya enggal dumugiya papan palenggahan. Sumengkaning raos wage-wage ndang kliwona, gage-gage ndang temua.

Sri penganten putri hangagem busana ingkang sarwa retna, hangemba busananing Rajaputri, katon pating galebyar pating pancurat lamun kasorot sunaring pandam kurung ingkang hangrenggani sasana adi, pan yayah kartika hasilih prenah. Gegelung malang rinengga oncen-ocnen sekar melathi. Cecundhuk sekar kanthil, esmu suka sasmita tansah kumanthil-kanthii calon penganten kakung. Ageman kebaya baludru langking sinulam rinenda lir kancana rukmi satuhu. Dodot sidamukti sinepuh prada binabar, amparan rukmi sinulam benang jene.

Prapteng madyaning sasana pawiwahan kagyat kang apindha sitaresmi, dene uninga sangyaning para tamu kakung sumawana putri, wus, kebak ber hambalabar anebeki jroning pawiwahan. Marma sakedhap-sakedhap tumungkul esmu lingsem nanging suka, mesem jroning batos hangraos lamun sadaya ingkang hanjenengi sami hangalembana mring tembene kang winisudha.

Lulus raharja sowanipun pinanganten putri, dupi wus prapteng unggyaning kang tinuju, dening pangembaning penganten putri nulya kalenggahaken ing dhampar rinengga. Wus lenggah anggana raras, anggana sarira raras kawuryan, lenggah piyambakan hangrantu laksitaning adicara.

Setelah pembawa acara selesai menyampaikan narasi, dan juga pengantin wanita telah duduk di pelaminan, kemudian gending suwuk atau selesai. Selanjutnya pembawa acara membacakan urutan acara berikutnya sebagai berikut.

Panjenenganipun para rawuh kakung sumawana putri ingkang satuhu luhuring budi, kawistingal sri atmaja temanten putri sampun lenggah anggana raras, tegesipun lenggah piyambakan, sapnyenyadhang tumuruning Wahyu Jodho. Tanggaping sasmita risang duta pamethuk nun inggih panjenenganipun Bapa saha Bapamangka angayahi jejibahan luhur, kepareng badhe medal pasilan tumuju dhumateng paleremanipun putra temanten kakung. Humiyating risang duta pamethuk

binarung ungeling Lancaran Duta Pamethuk, laras pelog pathet nem. Sumangga, nuwun.

Disajikan gending *Lancaran Duta Pamethuk*, laras *pelog pathet nem* keluar dua orang utusan atau duta penjemput mempelai pria memasuki tempat upacara menghadap tuan rumah atau yang punya kerja untuk menerima sebilah keris yang akan dipakai sebagai pelengkap busana mempelai pria, setelah diterima dan juga mendapat restu lalu lengser meninggalkan tempat upacara menuju tempat peristirahatan mempelai pria. Pada acara ini pembawa acara dapat menyampaikan narasi (*janturan*) sebagai berikut.

Binarung ungeling Lancaran Duta Pamethuk, laras pelog pathet nem, kawistingal mabukuh yayah prayitneng kewuh lah punika ta warnanira ingkang ndaweg hanawung kridha, ana satriya kekalih/sakembaran kang busana sarwa prasaja, dedege pideksa, tindake susila anoraga. Sanadyan kathah priya ingkang bebasan sacathok gumbalane sakelut rerawise, ingkang wredha rmboten kirang ingkang mudha tumaruna sakalangkung kathah, parandene mboten wonten ingkang piniji ing karya minangka sang duta pamethuk, kajawi panjenenganipun Bapa saha Bapa.....

Dhasar kekalhipun satuhu priya ingkang sampun lebda ing karya, katitik wonten madyaning bebrayan agung kekalhipun sampun nate dados tetuwangganing para warga. Katitik saking solah bawa, ebahing sarira liringing netra, tumapaking pada ngidak wirama, kapracihna kekalhipun satuhu lebda ing budaya, mila pantes minangka risang duta pamethuk.

Dupi prapta wonten ngarsaning ingkang hamengku gati, sigra nyuwun tambahing pangestu murih anggenipun hamethuk putra calon penganten kakung, tansah manggih rahayu wilujeng boten wonten pringga bayaning marga. Saya mantep piandeling dupi hanampi dhuwung agemanipun putra calon penganten kakung. Dhuwung dudu sadhengah dhuwung, ananging dhuwung kang nduweni kasekten linuwih. Lamun winatek sarana weninging cipta, wilahing dhuwung bisa modot sak dhepa dawane. Sigra ginelak lampihe, gita-gita dumugi papan paleremaning putra calon temanten kakung.

Selesai menyampaikan narasi, kemudian gending *suwuk*, lalu pembawa acara membacakan acara berikutnya sebagai berikut.

Sanggya para rawuh kakung sumawana putri, mangkana lampahing risang duta pamethuk putra temanten kakung, sampun dumugi sasana ingkang tinuju, nulya hanjengkaraken putra temanten kakung. Jengkaring putra temanten kakung ginarubyuk para kadang wandawa, binarung ungeling Ladrang Penganten Jalu, laras peiog pathet lima. Sumangga, nuwun.

Disajikan gending Ketawang temanten Jalu, laras pelog pathet lima, mengringi kedatangan mempelai pria di tempat diselenggarakannya resepsi perkawinan diiringi atau diikuti oleh para pengombyong dan dipandu oleh utusan dari pihak mempelai wanita. Pada acara ini pembawa acara menyampaikan narasi sebagai berikut.

Binarung swaraning pradangga hangrangin hambabar Ketawang Penganten Jalu, laras pelog pathet lima, kawistingal kumenyar mawa prabawa, sumirat ambabar tejamaya, saya dangu saya cetha, saya caket saya ngalela, lah punika ta tejaning risang pinanganten kakung pun Bagus ingkang binayang kare mijil saking wisma palereman, kinantheni manjing sasana pawiwahan.

Gumebyar busananing putra penganten kakung, hangagem busana ingkang tinaretas benang sotya, ngagem kuluk kanigara, hangemba busananing nata, lamun kadulu katon agung, mrabu, miwah mrabawa. Agung ateges kebak ing kaendahan kang sanyata adi luhung. Mrabu ateges pindhha jejereng narendra kebekan ing kawibawan luhur, dene mrabawa ateges sinung prabawa adi endah milangoni.

Dhampyak-dhampyak para kadang wandawa ingkang samya hangayap tindakira putra penganten kakung. Pinangantyan kakung nggennya lumaksana lengkeh-lengkeh pindhha singa lupa, riak hanggajah ngoling, sapecak mangu satindak kendel, semu hangungun mulat endah edining swasana ingkang hangrengani tawinging wiwara.

Wus handungkap unggyan kang tinuju, gya kendel tindakira wong agung kang pindhha narendra, wonten sangajenging wiwara wisma pawiwahan, keparenging sedya hangrantu laksitaning adicara.upacara

Setelah mempelai pria sampai di pintu gerbang tempat upacara, dan juga pembawa acara selesai menyampaikan narasi, kemudian gending suwuk. Selanjutnya pembawa acara membacakan acara berikutnya sebagai berikut.

Wus samekta ing gati, nun inggih sri atmaja temanten kakung sampun jumeneng wonten sangajenging wiwara pawiwahan, kepareng badhe hanetepi upacara pasrah. Cucuking cundhaka ingkang dipun sarirani panjenenganipun Bapa miwah pengapiting putra temanten kakung, panjenenganipun Bapa saha Bapa kados sampun samekta, kepareng badhe masrahaken risang pinanganten kakung dhumateng ngarsanipun Bapa/Ibu(ingkang mengku gati) ingkang kalenggahan mangke badhe dipun sarirani panjenenganipun Bapa Wondene ingkang kepareng hanjajari panjenenganipun Bapa saha Bapa Ing salajengipun dhumateng panjenenganipun para-para ingkang piniji, sasana saha suwasana kawula sumanggakaken, sumangga, nuwun.

Sambutan dari wakil besan untuk menyerahkan mempelai pria kepada wakil tuan rumah. Adapun inti sari sambutan dari wakil besan adalah sebagai berikut.

1. Menyampaikan salam pembuka
2. Menyebut nama wakil dari tuan rumah (yang punya kerja) atau yang menerima pengantin pria.
3. Menyampaikan maksud dan tujuan kedatangannya, dimulai dari menyampaikan salam dari besan (orang tua mempelai pria), menyerahkan pengantin pria untuk segera dilaksanakan upacara *panggih* (dipertemukan dengan pengantin wanita).
4. Menyampaikan permohonan maaf atas segala kesalahan baik tindakan maupun tutur kata yang kurang berkenan, ketika menyerahkan pengantin pria.
5. Menyampaikan salam penutup.

Contoh:

(1). *Assalaamu'alaikum Wr. Wb.*

(2). *Katur dhumateng Bapa (ingkang nampi pasrah) ingkang jumeneng minangka sulih sarira saking panjenenganipun Bapa (ingkang hamangku gati) ingkang winantu ing pakurmatan.*

(3). *Wondene menggah wigatosing sedya sowan kula wonten ing ngarsa panjenengan:*

Ingang sepisan, ngaturaken sewu agenging kalepatan dene panjenenganipun Bapa (besan) boten saget matur piyambak masrahaken putranipun inggih pinangantyan kakung, kapeksa namung saget ngaturaken salam taklim, mugi katur ing panjenenganipun Bapa /Ibu(inggang hamengku gati).

Ingang kaping kalih, rehning pinangantyan kakung anak Mas BAGUS atmaja kakung saking panjenenganipun Bapa/Ibu (besan) inggang pidalem ing sampun kalampahan ijab khobul (dhaup suci) kaliyan Nimas RARA putra pawestri saking panjenenganipun Bapa/Ibu (inggang hamengku gati) kala wau dinten, surya kaping, wanci tabuh mapan wonten ing, kanthi wilujeng boten wonten alangan satunggal punapa. Ing salajengipun sarehning sampun ndungkap titi wanci tumapaking gati, pramila pinangantyan kakung kula pasrahaken, borong menggah dhaup panggihing temanten kula sumanggakaken. Kula sapangombyong tansah jumurung ing karsa, sinartan puji donga mugi-mugi temanten sekaliyan anggenipun badhe lelumban wonten madyaning bebrayan agung tansah atut runtut, guyub rukun, ayem tentrem, saha manggih bagya mulya inggang sinedya.

(4). Dene inggang wekasan, hambok bilih anggen kula matur wonten tuna dungkaping atur, tutur inggang kelantur-lantur, wadhuk Gajah Mungkur Wonogiri, menawi wonten keladuking atur, kula nyuwun lumunturing sih samodra pangaksami.

(5). Akhirul kalam, billahi taufik wal hidayah.

Wassalaamu'alaikum Wr. Wb.

Setelah sambutan wakil besan menyerahkan mempelai pria kepada wakil dari tuan rumah selesai, pembawa acara lalu membacakan acara berikutnya sebagai berikut.

Satuhu tatas titis, wijang gamblang, cetha trewaca, turnata datan tumpang suh, atur pangandikanipun risang cundaka hamasrahaken putra pinanganten kakung. Salajengipun Bapa..... (inggang nampi) minangka talanging basa Bapa/Ibu (inggang mengku gati), kepareng badhe hanampi

sang pindhha narendra. Ing wasana, sasana saha suwasana kawula sumanggakaken, sumangga, nuwun.

Selanjutnya sambutan dari wakil tuan rumah untuk menanggapi penyerahkan mempelai pria dari wakil besan. Adapun inti sari sambutan dari wakil tuan rumah adalah sebagai berikut.

1. Menyampaikan salam pembuka.
2. Menyebut nama wakil dari besan (orang tua mempelai pria) atau yang menyerahkan pengantin pria.
3. Menyampaikan ucapan selamat datang, keselematan, dan terima kasih telah berhasil mengantarkan mempelai pria dengan selamat.
4. Menerima salam taklim, dan menerima penyerahan pengantin pria dengan gembira, dan akan segera dilaksanakan upacara panggih kalau sudah tiba saatnya.
5. Memohon kepada rombongan pengantar pengantin pria, untuk segera duduk di tempat yang sudah disiapkan, dan memohon doa restu.
6. Menyampaikan permohonan maaf atas segala kesalahan atas kekurangan baik dalam penerimaan maupun tutur kata kurang berkenan.
7. Menyampaikan salam penutup.

Contoh:

(1). *Assalaamu'alaikum Wr. Wb.*

(2). *Dhumateng Bapa (ingkang pasrah) ingkang piniji minangka duta saraya, sulih sarira saking panjenenganipun Bapa/Ibu (besan) ingkang pantes katuran sagunging pakurmatan.*

(3). *Kanthi linambaran trapsila ing budi, mugi pinarengna kawula matur minangka sulih sarira saking kadang kula sepuh raka mas sarimbit (ingkang hamengku gati), kinen hanampi menggah wosing gati lekasing sedya ingkang luhur saking panjenenganipun Bapa/Ibu (besan) lumantar panjenenganipun Bapa (ingkang pasrah).*

Minangka purwakaning atur, ngaturaken pambagya sugeng rawuh saha ngaturaken gunging panuwun ingkang tanpa pepindhan, dene lampah panjenengan sampun kasembadaning karya, satemah saget nglarapaken

*temanten kakung anak Mas Bagus (penganten kakung),
kanthi rahayu niskala.*

*(4). Sanget katampi kanthi bingahing manah, salam taklim saking
panjenenganipun bapa/Ibu (besan), ingkang salajengipun badhe kula
aturaken wonten ngarsanipun raka mas sarimbit(ingkang
hamengku gati). Semanten ugi, anggen panjenengan masrahaken temanten
kakung, katampi kanthi suka renaning penggalih. Ing salajengipun, menawi
sampun dumugi tiwiwanci tumapaking gati, tumunten badhe kapanggihaken anut
satataning Adat Widhiwidana ingkang sampun sinengker, saha badhe kawiwaha
sakadharipun dening panjenenganipun raka mas (ingkang hamengku
gati) sakukuban.*

*(5). Konjuk dhumateng Bapa (ingkang pasrah) dalah
pangarak ing temanten kakung, sasampunipun mangke temanten kapanggihaken,
kula suwun pinarak ing palenggahan kanthi mardu-mardikaning penggalih,
ngantos dumugi paripurnaning pawiwahan, saperlu hangestreni saha paring
berkah pangestu dhumateng temanten sarimbit.*

*(6). Minangka puput pepuntaning atur, hambok bilih anggen kula matur
minangka talang basa, saha hanampi rawuh panjenengan wonten kiranging suba
sita ingkang singlar ing reh tata krami, kupat janure klapa, menawi lepat
nyuwun pangapura.*

(7). Akhirul kalam, uushikum wanafsi bitaqwallah.

Wassalaamu'alaikum Wr. Wb.

Setelah selesai sambutan serah terima mempelai pria, dilanjutkan upacara Panggih. Kemudian pembawa acara membacakan acara berikutnya.

*Wus paripurna pasrah panampining putra temanten kakung, kanthi
wilujeng nirbaya nir wikara. Para rawuh saha para lenggah, wus dumugi
wahyaning mangsa kala laksitaning upacara panggih. Anut satataning adat
Widhiwidana ingkang sampun sinengker. Wondene para paraga ingkang piniji
nun inggih :*

*Inkang mratitaken panggihing putra temanten panjenenganipun Ibu
..... ingkang hanganthi temanten kakung Bapa
..... dalasan Bapa..... Inkang nyamektakaken
uba rampening panggih Ibu saha Ibu.....*

Dhumateng sanggya para tamu, keparenga jumeneng sawatawis, saperlu paring puji pangestu dhumateng panggihing temanten, awit saking panjurung pangestu panjenengan sami, mugi upacara panggih kalis ing rubeda nir ing sambekala. Rahayuning sedya kasumanggakaken dhumateng para-para ingkang piniji. Panggihing penganten kabiwadha ungeiing gangsa Monggang Panggih, kalajengaken Ketawang Panggih Hastuti, laras pelog pathet nem. Sumangga, nuwun.

Disajikan gending *Monggang Panggih* dilanjutkan *Ketawang Panggih Hastuti, laras pelog pathet nem*, untuk mengiringi upacara Panggih, yaitu pertemuan kedua mempelai yang disertai dengan beberapa upacara sakral, yakni melempar *gantalan*, menginjak telur, dan gendongan atau *sinduran*.

Melempar *Gantalan*:

Acara ini merupakan awal upacara *Panggih*, yaitu pada saat mempelai pria tiba di tempat resepsi pernikahan, kemudian kedua mempelai saling melempar sirih. Dalam upacara ini barang siapa di antara kedua mempelai yang dapat dahulu melempar tepat pada sasaran, maka berarti dialah yang akan dapat mengatasi masalah atau kemelut dalam rumah tangga tersebut.

Menginjak Telur:

Setelah saling mrelempar sirih, acara dilanjutkan dengan acara menginjak telur. Pada acara ini mempelai pria akan menginjak sebutir telur ayam dan kemudian mempelai wanita akan mencuci kaki mempelai pria dengan air bunga setaman. Telur yang diinjak oleh mempelai pria melambangkan bahwa kedua insan tersebut telah melepas masa lajang mereka. Mempelai pria kini telah beristri dan mempelai wanita kini telah mempunyai seorang suami. Adapun pencucian kaki mempelai pria yang dilakukan oleh mempelai wanita melambangkan kesediaan sang istri untuuk senantiasa mengabdikan dan setia pada suaminya.

Gendongan atau *Sinduran*

Acara ini biasanya dilakukan oleh orang tua mempelai wanita di mana mereka menggendong kedua mempelai yang secara simbolis melambangkan besarnya tanggung jawab orang tua terhadap anak-anaknya yang memasuki kehidupan rumah tangga.

Pada upacara Panggih ini pembawa acara ada yang menyampaikan narasi ada yang tidak terutama resepsi perkawinan di kota. Adapun jikalau pembawa acara menyampaikan narasi adalah sebagai berikut.

Binarung ungeling pradangga Monggang Panggih kalajengaken Ketawang Panggih Hastuti, laras pelog pathet nem. Wus dumugi wahyaning mangsakaia dhumawahing papesthen, ing madyaning wisma pawiwahan ing siang/dalu punika, wonten titahing Gusti arupi jalu pawestri, bangkit manunggalaken karsa arsa ngancik ing alaming bebrayan, hanetepi upacara adat Widhiwidana ingkang sampun sinenger, inggih punika upacara panggih. Panggih hamengku werdi Pangudi Gambuhing Penggalih.

Lon-lonan tindakira sri penganten kekalih, gya samya apagut tingal, tempuking catur netra mahanani manunggaling karsa, ginugah rasane, amung sajuga kang cinipta, antuka bagya mulya ing donya tekeng delahan.

Saya caket tindakira sri penganten kekalih, nulya kumlawe astane penganten putri hambalang gantalan mring penganten kakung, ingkang winastan gondhang kasih. Semanten ugi penganten kakung gumanti hambalang gantalan gondhang tutur, dhumateng gegununganing manah. Gantalan punika suruh ingkang temu rose, ginulung ing salebetipun isi jambe nem, tinangsulan benang lawe. Dene werdinipun manunggaling karsa antawisipun jalu pawestri kadya suruh lumah kurepe, dinulu seje warnane, ginigit tunggal rasane.

*Sangsaya caket lampihe sri penganten sarimbit, anyaketi kendhaga kencana isi tirta wening, paweninganing kautaman katingal kambang-kambang kumambanging tri puspita warna; kanthil, melathi, sarta mawar. **Kanthil;** kumanthiling katresnan penganten putri. **Melathi;** awit saking kedaling lathi sri penganten kakung. **Mawar;** arum mangambar gandane ing donya tekeng delahan.*

Para tamu sinedhahan kakung sumawana putrid, penganten sarimbit sampun tangkep asta, sigra anjengku sri penganten putri ing ngarsanipun ingkang garwa, anyaketi kendhaga kencana. Sawusnya sri penganten kakung amecah hantiga, sigra winijikan dening sri penganten putri, pratandha tan ana kang pantes hangayomi, anenuntun, hanganthi keblating panembah mring Gusti, kajawi sang binagus.



**Gambar 2: Upacara Panggih ketika mempelai pria menginjak telur
(Foto: koleksi penulis)**

Wus paripurna upacara panggih, sigra penganten kekalih jumeneng jajar sumandhing, siningepan sindur warna rekta lan seta dening ingkang ibu saha ingkang rama, asung pralampita putra tematen sarimbit, tansah tinuntun ing reh kautaman, wani marang bebener wedi marang kanisthan. Temanten sarimbit tumunten binoyong lampawe, rinangkul kinempit-kempit dening ingkang ibu saha ingkang rama jengkar saking sasana panggih, tumuju mring palenggahanira kanthi sesanti jaya-jaya wijayanti.

Laju lampawe kang pindha narendra, dupi wus prapteng hunggyaning kang sinedya, inggih ing dhampar rinengga sigra lenggah jajar, keket raket renggang gula kumepyur pulut, sumunar cahyane, ilang sipating titah pindha dewaning asrnara ngejawantah.



**Gambar 3: Mempelai berdua dengan menggunakan sindur didampingi oleh kedua orang tua mempelai wanita, berjalan menuju pelaminan
(Foto: koleksi penulis)**

Setelah kedua mempelai berjalan sampai di pelaminan, lalu keduanya duduk berdampingan, kemudian gending suwuk. Selanjutnya pembawa acara membacakan urutan acara berikutnya sebagai berikut.

Tinon wus paripurna upacara panggih, satuhu trep pindha curiga panggih kaliyan warangka. Bebasan getih rong tetes, daging rong tampel, balung rang ceklek, samangke wus manungga! dadya sajuga. Sang jejaka miwah sang kenya, mangkyo wus manunggal ing karep, nunggal sedya, nunggal tekad, nunggal ati, nunggal raga, nunggal jiwa. Paraning sedya ninggal alam jejaka miwah kenya, saperlu sesarengan lelayaran ing samodraning gesang, angayahi darmaning kodrat. Jejering gesang kedah jejodhohan minangka sarana nangkaraken wiji kinarya lestaring tumuwuh.

Para rawuh saha para lenggah, ngancik adicara salajengipun, nun inggih Upacara Adat Krobongan, anut satataning adat Widhiwidana ingkang sampun lumampah. Upacara krobongan punika, antawisipun : Timbangan, Kacar-kucur, Dulangan saha Ngunjuk Rujak Degan. Wondene ingkang badhe mratitaken lampahing Upacara Krobongan nun inggih panjenenganipun Ibu..... Dhumateng ingkang tinanggenah, wekdal saha papan kawula sumanggakaken. Lampahing Upacara Krobongan badhe kabiwadha ungeling Ketawang Adat Widhiwidana, laras pelog pathet nem.

Gending Ketawang Adat Widhiwidana, laras pelog pathet nem disajikan mengiringi upacara Krobongan yang terdiri dari upacara *Kacar Kucur*, *Timbangan*, dan *Suapan*.

Kacar-Kucur

Acara ini biasanya dilaksanakan oleh mempelai pria dengan menuangkan beras, uang, dan kelengkapan lainnya yang langsung diterima mempelai wanita dengan disaksikan oleh sanak keluarganya. Upacara *Kacar-Kucur* ini melambangkan secara simbolis kesediaan mempelai pria untuk melaksanakan kewajiban dan tanggung jawab sebagai seorang suami dalam memberi nafkah lahir dan batin terhadap istri dan anak-anaknya.

Timbangan

Acara timbangan ini dilaksanakan oleh ayah mempelai wanita. Pada saat kedua mempelai berada di pangkuan ayah mempelai wanita, sang ibu bertanya manakah yang lebih berat di antara kedua mempelai tersebut, yang dijawab oleh ayah mempelai wanita dengan jawaban bahwa keduanya sama-sama beratnya. Jawaban ini melambangkan bahwa sebagai orang tua mereka tidak membedakan perhatian dan kasih sayangnya pada anak dan menantunya.

Suapan

Setelah acara timbangan, kedua mempelai lalu melaksanakan acara suapan. Untuk acara ini telah disiapkan sepiring nasi kuning untuk kedua mempelai. Kemudian mempelai pria menyuapi mempelai wanita, begitu pula sebaliknya. Acara ini melambangkan kesiapan kedua mempelai untuk selalu saling asah, asih, dan asuh dalam membina kehidupan rumah tangga.

Pada upacara Krobongan ini, pembawa acara khususnya di kota jarang memberikan narasi, namun di pedesaan kebanyakan masih memberikan narasi. Apabila pembawa acara memberikan narasi adalah sebagai berikut.

Mangkana temanten sarimbit badhe nindakaken upacara Krobongan ingkang kawiwitan saking upacara Kacar Kucur. Temanten kakung nyuntak kampil ingkang sampun kacawisaken, isi arta receh/krincing mawi dipun campuri uwos lan ketan, ing pangkonipun temanten putri, mawi dipun tadhahi tiyam lampus (klasa bangka). Pasemonipun mujudaken cuwilaning gegambaran ingkang jejeripun guru laki punika, kedah rumaos anggadhahi wajib masrahaken asil guna kayanipun dhumateng rabinipun (garwanipun), lan rabinipun kedah saged nyekapaken ing reh sadaya kabetahaning balewisma.



Gambar 4: Upacara Kacar-Kucur
Ketika mempelai pria menuangkan beras, uang, dan perlengkapan
lainnya yang diterima oleh mempelai wanita
(Foto: Koleksi penulis)

Ingkang kaping kalih upacara Timbangan. Temanten kakung lenggah ing pangkon sisih tengen keng ramanipun temanten, dene temanten putri lenggah ing pangkon sisih kiwa. Wondene Ibunipun temanten lenggah ing sangajengipun temanten sarimbit. Salajengipun Rama lan Ibu sami pangandikan:

Ibu : Bapakne, priye bobote anakmu sakeloron, apa ya wis timbang.

Rama : ibune, miturut pangrasaku kaya wis ora ana kaceke, tegese padha abote.

Pasemonipun: mujudaken pepenget dhumateng tiyang sepuhipun temanten, supados boten kadunungan raos emban cindhe emban siladan utawi mboten mbedak-mbedakaken ing antawisipun putra lan putra mantu, sadaya sampun karengkuh putra piyambak.

Wondene ingkang angka tiga inggih punika upacara Dulangan. Temanten kakung putri sami ngasta piring isi sekul punar, inggih punika sekul ingkang warninipun jene, lajeng dulang-dulangan.

Pasemonipun: mujudaken satunggaling kekudangan supados temanten kakung putri, tetepa setunggal raos ing lahir ian batos, jumbuh ing sadaya reh gegayuhanipun.



Gambar 5: Ketika mempelai pria dan wanita melaksanakan upacara *Dulangan* atau Suapan.
(Foto: Koleksi penulis)

Setelah selesai upacara *Krobongan*, kemudian gending suwuk. Selanjutnya pembawa acara membacakan urutan acara berikutnya sebagai berikut.

Para rawuh kakung sumawana putri, madyaning suka ing kalenggahan punika boten kekilapan kadang besan sutresna nun inggih yayah rena putra penganten kakung, lekasing sedya ugi dherek mangayubagya keparengipun bapa/lbu (ingkang mengku gati), ingkang hamiwaha putra mahargya siwi, manjing wonten sasana pawiwahan, ginarubyug sagunging para kadang santana.

Rawuhipun gya pinapag saha ingacaran panjenenganipun Bapa/lbu lajeng kalarapaken saha katampi panjenenganipun Bapa/lbu (ingkang mengku gati). Menggah rawuhipun

kadang besan, binarung ungeiing Ladrang Besan Martuwi, laras pelog pathet nem. Sumangga, nuwun.

Gending *Ladrang Besan Martuwi* disajikan, untuk menyambut kedatangan kedua orang tua mempelai pria di tempat upacara dan disambut oleh kedua orang tua mempelai wanita di gerbang tempat upacara, untuk kemudian bersama-sama menuju ke sisi pelaminan di mana kedua mempelai bersanding. Setelah mereka semuanya duduk, kemudian gending suwuk. Selanjutnya pembawa acara membacakan acara berikutnya sebagai berikut.

Para rawuh kakung sumawana putri, kadang besan sutresna panjenenganipun Bapa/Ibu (besan) sampun lenggah aben ajeng kaliyan panjenenganipun Bapa/Ibu (ingkang mengku gati), wonten sasana ingkang sampun sumadya, keparenging sedya badhe hanampi sung-keming putra temanten sarimbit. Wondene murih boten tumpang suh nggenya ngaras pada, lampahing adicara sungkeman badhe kapratitisaken dening panjenenganipun Ibu Ingkang piniji nglolos dhuwung putra penganten kakung panjenenganipun Bapa dhumateng para-para ingkang piniji rahayuning sedya kasumanggakaken. Tumapaking adicara sungkeman binarung Rerepen Sekar Pangkur, laras pelog pathet nem.



**Gambar 6: Mempelai pria dan wanita saat melakukan upacara *Sungkeman* untuk memohon doa restu dari orang tua mempelai pria.
(Foto: koleksi penulis)**

Rerepen Sekar Pangkur disajikan, petugas upacara sungkeman melepas Keris mempelai pria, lalu memandu jalannya upacara sungkeman yaitu diawali mempelai berdua bersujud kepada kedua orang tua mempelai wanita, baru kemudian mempelai berdua bersujud kepada kedua orang tua mempelai pria. Setelah upacara *Sungkeman* selesai, lalu pembawa acara membacakan acara berikutnya sebagai berikut.

*Para rawuh saha para lenggah, panjenenganipun Bapa
(ingkang mengku gati) badhe marak ngabyantara sami, saperlu ngaturaken
pambagyaharja, miwah wudharing gantha, lekas wekasing sedy a wigatosing gati.
"Inggih kabekta saking raos bombong, miwah mongkoking manah, karena
karoban ing sih sadaya ingkang sampun kepareng hanjenengi, saengga boten
kuwawi matur piyambak, jrih menawi boten saged kawiyos ing lathi, namung
kandheg wonten ing jangga, mila lajeng hanyaraya dhumateng
panjenenganipun Bapa Menggah jumenengipun badhe kahapit
lampah/jinajaran dening Bapa saha Bapa Dene
temanten sarimbit, katuran jumeneng wonten sangajenging dhampar rinengga,
kahapit dening ingkang hamengku gati. Lumaarakipun Risang Pmbagyaharja
dhumateng sasaana pandayawara kabiwadha Langgam Badhe Pambagya, laras
pelog pathet nem. Ing salajengipun dhumateng para-para ingkang piniji, sasana
saha suwasana kawula sumanggakaken, sumangga, nuwun.*

Gendhing *Langgam Badhe Pambagya* disajikan, wakil tuan rumah (Risang Pambagyaharja) menuju tempat untuk memberikan sambutan. Setelah gending berhenti lalu wakil tuan rumah segera memberikan sambutan dengan intisari sambutan sebagai berikut.

1. Menyampaikan salam pembuka.
2. Menyebut tingkatan para tamu yang hadir
3. Menyampaikan maksud dan tujuan memberikan sambutan ini karena diminta oleh tuan rumah..
4. Mengucapkan rasa syukur kepada Tuhan..
5. Menyampaikan ucapan selamat datang dan ucapan terima kasih atas kehadiran para tamu.

6. Menyampaikan maksud dan tujuan diselenggarakannya hajatan resepsi perkawinan, dan memohon para tamu untuk memberikan doa restu.
7. Menyampaikan ucapan terima kasih kepada para tamu atas pemberian bantuannya, sehingga terlaksananya acara resepsi ini.
8. Memohon maaf apabila ada kekurangan dalam pelaksanaan.
9. Memohon maaf apabila ada kekilafan selama memberikan sambutan.
10. Menyampaikan salam penutup.

Contoh:

1). *Assalaamu'alaikum Wr. Wb.*

Mugi Gusti Inkgang Maha Mirah, tansah paring hidayah, rohmah, barokah, miwah bebingah ingkang malimpah-limpah, dhumateng titah ingkang tansah manembah.

(2). *Panjenenganipun para sepuh, pinisepuh, ingkang lebda ing kawruh, remen suka sesuluh, saengga pantes rinengkuh kinormatan sagung para rawuh.*

Punapa dene panjenenganipun para tamu sinedhanan kakung sumawana putri, ingkang badhe paring pujihastuti, dhumateng risang raja sahari, ing ratri kalenggahan puniki, ingkang dahat sinuba agunging akrami.

(3). *Kanthi linambaran sih katresnan, pepayung budi rahayu, sinawung raos sewu agunging aksama, dene kawula marak mangarsa, hangrurah pradataning pasamuhan miwah hanggempil kamardikan panjenengan ingkang katemben wawan pangandikan, mugi pinaringna kawula hambuka wiwaraning suka wenganing wicara, inggih awratipun hamestuti jejibahan luhur saking panjenenganipun Bapa/Ibu (ingkang hamangku gati), kula piniji minangka talanging basa, saperlu manembrama miwah ngaturaken menggah wudharing gantha babaring sedya, wigatosing gati pahargyan prasaja ing siyang/ratri kalenggahan punika.*

Inggih kabekta saking raos bombong saha mongkoking manah inggih awit saking karoban ing sih sagung para tamu, saengga ingkang hamengku gati boten kuwawi matur piyambak, jrih menawi boten saget kawiyosing lathi. namung kandheg wonten ing jangga, pramila lajeng hanyaraya dhumateng kawula, supados matur wonten ngarsanipun sagung para tamu.

(4). *Saderengipun kawula hamurwani lekas wekasing karti gatiningsedya, supados purwa madya wasana tansah manggih rahayu, kalis ing rubeda nir ing sambekala, keparenga langkung rumiyin kawula dherekaken ngunjukaken puji syukur wonten ngarsanipun Gusti Allah SWT, ingkang sampun kepareng paring rahmat lan nikmat, inayah, saha hidayah, katitik “Rahayu Sagung Dumadi” tansah kajiwa lan kasalira dhumateng kula lan panjenengan sadaya.*

(5). *Para lenggah ingkang sinuba sagunging pakurmatan, minangka purwakaning atur, kawula ngaturaken sugeng rawuh, wilujeng siyang/dalu, miwah ngaturaken “Assalaamu’alaikum Wr. Wb.” sinarengan raos agenging panuwun ingkang tanpa pepindhan. Suka binggahing manah panjenenganipun ingkang hamengku gati, menawi kenging kawedhar ing akathah rinumpaka ing ukara, kadi kajugrugaan wukir sari, kabelebeking samodra madu, kajawahan tirta kencana, inggih awit rawuh panjenenganipun sagung para tamu. Ing salajengipun mugi kasekecakna pinarak ing palenggahan kanthi mardu mardikaning penggalih ngantos dumugi paripurnaning pawiwahan.*

(6). *Wondene menggah wigatosing sedya, Bapa/Ibu (ingkang hamengku gati) hangaturi rawuh panjenengan, kados dene ingkang sampun kacetha wonten serat sedhanan (kintaka wara), bilih panjenenganipun Bapa/Ibu (ingkang hamengku gati) hanetepi darmaning sepuh hamiwaha putra mahargya siwi, ngentas pitulus kenya siwinipuni, ingkang sesilih **RARA** jinatu krama/dhaup kaliyan **BAGUS** admaja jalu saking panjenenganipun Bapa/Ibu (besan) ingkang pidalem ing Inggah sampun kalampahan ijab Qabul/dhaup suci anut satataning agami dalah negari, saha panggih anut satataning adat Widhiwidana ingkang sampun lumampah wonten ing Surakarta Hadiningrat, kanthi wilujeng kalis ing rubeda nir ing sambekala. Inggah punika mawantu-wantu panyuwunipun wonten ngarsa panjenengan sami, mugi wontena suka lilaning penggalih, paring jurung puja hastawa puji astuti dhumateng temanten sarimbit, anggenipun badhe lelumban wonten madyaning bebrayan, tansah manggih bagya mulya ingkang sinedya, sembada ingkang jinangka, miwah rahayu ingkang tinemu. Semanten ugi dadosa kulawarga ingkang sakinah, mawadah, warohmah, fidini wadunya wal akhirot, miwah enggal kaparingan pituwasing patembayatan, momong putra ingkang sholeh lan sholehah, kanthi prajanjen Brayat Rinancang.*

(7). *Kaleksananing sedya pahargyan ing siyang/ratri kalenggahan punika saged kalampahan, karana sih kadarmanipun para sanak kadang pawong mitra tangga tepalih saha para tamu, ingkang sampun kepareng paring pisumbang awujud punapa kemawon, ingkang sanyata saget ngenthengaken sesanggemanipun Bapa/Ibu (ingkang hamengku gati), ingkang punika kawula ngaturaken gunging panuwun ingkang tanpa pepindhan, mugi sih kadarman panjenengan dadosa ngamal kesaenan, saengga pikantuk leliru ingkang satraju, bebingah ingkang malimpah-limpah saking Gusti Ingkang Maha Mirah.*

(8). *Minangka puput pepuntoning atur, hambok bilih panjenenganipun Bapa/Ibu anggenipun anampi rawuh panjenengan wonten kiranging bojakrami, wonten weruh ingkang kirang wanuh, wonten kawruh ingkang kirang mungguh, wonten lungguh ingkang kirang jumbuh, wonten pangrengkuh ingkang kirang gambuh, wonten suguh ingkang kirang lawuh, lumantar kawula Bapa/Ibu (ingkang hamengku) nyuwun lumunturing sih jalanidhi pangaksami.*

(9). *Semanten ugi, hambok bilih anggen kawula hamagut wicara minangka talang basa, wonten gonyak-ganyuking wicara, kiranging suba sita ingkang singlar ing reh tata krama, jenang sela sekul binuntel ron klapa, jenang sela punika apu, sekul binuntel ron klapa punika kupat, apuranta menawi lepat atur kawula.*

(10). *Akhirul kalam, uushikum wanafsi bitaqwallaah Wassalaamu' alaikum Wr. Wb.*



**Gambar 7: KPAA.H. Begug Purnomosidi Candrakusuma, SH.,MM saat mewakili tuan rumah memberikan sambutan (*atur pambagyaharja*) dalam upacara perkawinan.
(Foto: koleksi penulis)**

Setelah sambutan atas nama wakil tuan rumah selesai, lalu disajikan *Lancaran Bibar Pambagya, laras pelog pathet nem*, wakil tuan rumah bersama pendampingnya meninggalkan tempat upacara, kemudian gending suwuk. Selanjutnya pembawa acara membacakan urutan acara berikutnya.

Wahyaning mangsa kala wus ndungkap paripurnaning adicara, jumbuh kaliyan urut reroncening adicara, purwa, madya, wasana sampun kalampahan kaleksanakaken dening para kulawangsa, kanthi wilujeng kalis ing rubeda nir ing sambekala.

Minangka pratandha paripurnaning adicara, kasuwun panjenenganipun Bapa/ibu keparenga hanjengkaraken putra temanten sarimbit, tumuju wiwaraning wisma pawiwahan, ingkang saperlu anguntapaken konduring para tamu saha nyuwun tambahing berkah pangestu. Kanthi mekaten pratandha pawiwahan prasaja ing siyang/dalu punika sampun paripurna, sinartan sesanti jaya-jaya wijayanti, mugi rahayu ingkang samya ginayuh. Jengkring putra temanten sarimbit binarung Ladrang Paripurna Pahargyan, laras pelog pathet barang.

Disajikan gending Ladrang Paripurna Pahargyan, laras pelog pathet nem, untuk mengiringi bedol temanten yaitu kedua mempelai dan kedua orang tua mempelai pria dan wanita, berjalan menuju gerbang upacara dengan dipandu petugas, untuk menerima doa restu dan ucapan selamat

dari para tamu sekaligus mengiringi berakhirnya seluruh rangkaian upacara. Selanjutnya pembawa acara menutup upacara perkawinan sebagai berikut.

Sampun paripurna pahargyan prasaja ing siyang/daiu punika, lumantar pangendhaliwara sepindhah malih panjenenganipun Bapa/lbu ngaturaken gunging panuwun saha hambok bilih anggenipun hanampi menggah rawuh panjenengan sami, wonten kuciwaning bojakrami, wonten weruh ingkang kirang wanuh, wonten pangrengkuh ingkang kirang gupuh, wonten kawruh ingkang kirang mungguh, wonten lungguh ingkang kirang jumbuh, wonten suguh ingkang kirang lawuh, mawantu-wantu ingkang hamengku gati, nyuwun lumunturing sih samodra pangaksami.

Semanten ugi, kula minangka pangendhaliwara, hambok bilih wonten gonyak-ganyuking wicara, kisruhing paramasastra, miwah kiranging suba sita ingkang singlar ing reh tata krama, jenang sela wader pari sesondheran, apuranta menawi lepat atur kawula.

Matur nuwun, mboten langkung kawula handherekaken sugeng kondur, mugni wilujeng dumugi ing ndalem.

Akhirul kalam, billahi taufik wal hidayah.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.'

C. Gending Upacara Perkawinan

Urutan Gending dan Penggunaanya

Yang dimaksud gending upacara perkawinan yaitu gending-gending yang digunakan untuk mengiringi upacara perkawinan adat Jawa khususnya di daerah Surakarta. Dalam pengembangan upacara perkawinan, urutan gending yang telah diciptakan dan penggunaannya sebagai berikut.

1. *Lancaran Pambuka Pahargyan dilanjutkan Ladrang Maos Adicara, laras pelog pathet nem.*

Lancaran Pambuka Pahargyan disajikan sebagai pertanda bahwa upacara resepsi pernikahan telah dimulai. Adapun *Ladrang Maos Adicara* digunakan untuk mengiringi pembawa acara untuk membacakan susunan acara resepsi pernikahan.

2. *Ladrang Temanten Putri, laras pelog pathet nem*

Gending ini dipakai untuk mengiringi mempelai wanita keluar dari ruang rias dan busana (*sasana busana*) dengan berpakaian lengkap sebagaimana layaknya seorang pengantin menuju tempat dilangsungkannya resepsi. Resepsi pernikahan biasanya dilangsungkan di rumah keluarga mempelai wanita, tetapi untuk zaman sekarang resepsi pernikahan juga dapat diselenggarakan di gedung-gedung, restoran, dan bahkan di hotel-hotel berbintang.

3. *Lancara Duta Pamethuk, laras pelog pathet nem*

Lancaran Duta Pamethuk ini dipergunakan untuk mengiringi keberangkatan utusan atau duta dari pihak mempelai wanita menjemput mempelai pria.

4. *Ketawang Temanten Jalu, laras pelog pathet nem*

Gending ini dipergunakan untuk mengiringi kedatangan mempelai pria di tempat diselenggarakannya resepsi pernikahan dengan diiringi oleh utusan dari pihak mempelai wanita yang menjemputnya.

5. *Monggang Panggih dilanjutkan Ketawang Paminta Hastuti, laras pelog pathet nem.*

Gending ini merupakan gending utama pada suatu upacara pernikahan adat Jawa, karena gending ini dipakai untuk mengiringi upacara *Panggih*, yaitu upacara mempertemukan kedua mempelai yang kemudian dilanjutkan dengan beberapa upacara sakral, yaitu: melempar *gantalan*, menginjak telur, dan *gendhongan* atau *sinduran*.

6. *Ketawang Adat Widhiwidana, laras pelog pathet nem*

Gending ini dipakai untuk mengiringi upacara *Krobongan* yang terdiri dari upacara *Kacar-Kucur*, *Timbangan*, dan *Suapan*.

7. *Ladrang Besan Martuwi, laras pelog pathet nem*

Gending ini dipergunakan untuk mengiringi kedatangan kedua orang tua mempelai pria di tempat upacara dan disambut oleh kedua orang tua mempelai wanita di gerbang tempat upacara, untuk kemudian bersama-sama menuju ke sisi pelaminan di mana kedua mempelai bersanding.

8. *Rerepen Sekar Pangkur atau Asmaradana, laras pelog pathet nem*

Tembang ini untuk mengiringi upacara *Sungkeman*. Setelah kedua orang tua dari kedua belah pihak duduk di sisi pelaminan, maka dilaksanakan

upacara *Sungkeman* oleh kedua mempelai untuk memohon doa restu dari orang tua mempelai pria dan wanita. Selain itu, upacara ini juga melambangkan rasa syukur dan terima kasih seorang anak terhadap orang tuanya yang telah membimbing, mendidik, dan memeliharanya sejak kecil hingga dewasa.

9. *Langgam Badhe Pambagya, laras pelog pathet nem*

Gending ini untuk mengiringi hadirnya *Pambagyaharja* atau wakil dari tuan rumah yang akan memberikan sambutan ucapan selamat datang dan terima kasih kepada para tamu yang telah berkenan hadir untuk memberikan doa restunya bagi kedua mempelai.

10. *Lancaran Bibar Pambagya, laras pelog pathet nem*

Gending ini untuk mengiringi atau sebagai pertanda berakhirnya sambutan dari wakil dari tuan rumah (*Pambagyaharja*).

11. *Lagu Atur Panuwun, laras pelog pathet nem*

Lagu selingan berisi ucapan selamat datang dan terima kasih, permohonan maaf atas kekurangan dalam menjamu, serta permohonan doa restu kepada para tamu.

12. *Langgam Setya Asih, lara pelog pathet nem*

Lagu selingan yang menggambarkan cinta kasih antara pria dan wanita.

13. *Ladrang Paripurna, Srepeg, Palaran Pocung, dan Lancaran Purno, laras pelog pathet barang*

Gending ini untuk mengiringi bedol temanten yaitu kedua mempelai dan kedua orang tua mempelai pria dan wanita berdiri di gerbang upacara, untuk menerima doa restu dan ucapan selamat dari para tamu sekaligus mengiringi berakhirnya seluruh upacara pernikahan.

Pesan, Garap, dan Jalannya Gending

1. *Lancaran Pambuka Pahargyan, dilanjutkan Ladrang Maos Adicara, laras pelog pathet nem*

Bawa : 5 6 z!c@ @, @ ! 6 5 6 # @ # z@c!
Ha - mur-wa-ni pa - wi - wa - han si-yang pu - ni- ki
@ ! z6c@ ! 6 5 z!xxxxxxxx6x5c3 z2x.x1x2c1
Ra - ha - yu sa-gung du - ma - di

Intro: . 1 1 np1 . 1 1 np1 . 1 2 3 2 1 j.2 g1

Buka Celuk: . ! @ ! . ! @ ! . . 6 # . @ z7x
c!
Sa-gung-ing pra ta-mu si- ne - dhahan

. . # @ # ! 6 5 . 4 2 . 4 5 6 g5
 Kakung saha putri sugeng rawuhipun
Umpak : — . 5 5 5 . 5 5 5 j. 5 6 5 . 2 1 6 g5
 . 5 5 6 5 3 2 3 . 1 1 1 2 3 5 g6
 . 2 . 1 6 5 3 2 . 3 2 1 . 6 . g5
Bal. Nyekar : 2 1 3 2 1 6 3 g5 3 6 5 3 6 5 3 g2 —
 6 3 5 6 2 1 6 g5 3 6 3 2 3 2 1 g6
 5 6 2 1 5 6 1 g2 3 2 3 2 3 1 6 g5 —

Ladrang Maos Adicara, laras pelog pathet nem

c — 2 1 1 y 2 1 y nnnt 2 1 2 y 2 1 y nnnt
 1 t y 1 3 5 3 nnn2 3 5 1 y 2 1 y gt

Ngelik :

. 5 5 5 @ ! 6 nnn5 6 5 6 ! # @ ! nnn6
 @ ! 5 2 1 2 1 nnn5 3 5 3 2 . 1 6 g5 —

Nyekar Lancaran :

. ! ! ! . # ! @ . 5 . 6 @ ! 6 5
 Me-min-ta nu-gra-ha ma-rang Kang Ka-wa-sa
 . . 5 6 5 3 2 3 . 3 6 5 2 3 2 2
 Mu-gi ra-ha-yu-ha ka-lis go-dha ren-ca-na
 2 3 5 6 j. 6 6 @ ! 5 6 5 5
 Pa-wi-wa-han nambut si-la-ning a-kra-ma
 . 3 5 6 3 5 3 2 . 3 2 1 6 6 ! 6
 Mu-gi pra ta-mu sa-mi pa-ring pu-ji has-tu-ti
 . @ ! ! 5 6 @ ! . ! @ ! 5 6 ! @
 Ra-ha-yu kang ti-ne-mu ba-su-ki kang ka-hes-thi
 . . @ @ . . @ @ j. 5 6 ! @ # ! 6 5
 Ba-gya mul-ya pi-na-ngan-tyan sa-la-mi-nya.

Gerong Ladrang Maos Adicara:

jz!x@x x xj!c6 5 5 zj5c6 jz4c5 . . 6 ! .
 Ha-mur-wa-ni san-ti ha-yu
 Su-geng ra-wuh pa-ra ta-mu
 5 5 j. 5 zj6c! . . ! z@x x x x
 Pam-bi-wa-ra ha-mi-wi-ti
 Mu-gi pa-ring sih has-tu-ti
 . . jz@c# z!x x x x xj.c@ z5x x xj.c6 2 . . 1
 z3x x x x xxj.c2 z1x x jx2c1 y
 Lak-si-ta-ning a-di-ca-ra
 Pi-na-ngan-tyan ke-ka-lih-nya
 . . 3 5 . jz5x6xx xxj5c3 2 . . jz2c3 1
 . zj1x2x jx1cy t
 Mu-gi ra-ha-yu nis-ka-la
 Ba-gya mul-ya kang si-ne-dya.

